

## **BAB III**

### **MÉTODE PANALUNGTIKAN**

Dina ieu bab dipedar ngeunaan désain panalungtikan, data, jeung sumber data, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan sarta analisis data. Ieu panalungtikan kaasup kana métode kualitatif. Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 22) métode kualitatif nyaéta salasihiji pamarekan panalungtikan anu sumber datana mangrupa kekecapan lisan, tulisan, atawa barang anu ditalungtik kalayan gemet sangkan bisa nyangkem ma'na tina hal nu ditalungtik.


Métode nu digunakeun nyaéta métode déskriptif. Métode déskriptif nyaéta anu ngagunakeun fakta (survey), interview (wawancara ka narasumber pikeun meunangkeun fakta), jeung maké interpréstasi anu tepat tur jelas (Suyatna, 2002, kc. 14). Métode déskriptif anu digunakeun nyaéta déskriptif analitik. Nurutkeun Ratna (2010, kc. 53) métode déskriptif analitik dilaksanakeun ku cara ngadéskripsikeun fakta-fakta nu satuluyna disusul ku analisis. Tujuan ngagunakeun métode déskriptif nyaéta pikeun ngadéskripsikeun jeung nganalisis pupujian anu aya di Désa Sukatani Kacamatan Tanjungmedar Kabupatén Sumedang pikeun bahan pangajaran ngaregepkeun di SMP.

#### **3.1 Désain Panalungtikan**

Désain panalungtikan mangrupa léngkah-léngkah panalungtik pikeun ngalaksanakeun panalungtikan. Prosés pikeun nangtukeun léngkah-léngkah panalungtikan (désain) sakabéh hal nu rék dilaksanakeun. Nurutkeun Margono (2014, kc.100) nétélakeun yén léngkah-léngkah panalungtikan miboga tujuan pikeun méré tanggung jawab sakabéh léngkah nu rék digunakeun.

Ieu di handap mangrupa désain panalungtikan anu digunakeun ku panalungtik.

### Bagan 3.1 Desain Panalungtikan



## 3.2 Lokasi jeung Sumber Data

### 3.2.1 Lokasi

Lokasi ini digunakeun dina panalungtikan nyaéta Désa Sukatani, Désa Désa Sukatani mangrupa salasihiji Désa nu aya di Kacamatan Tanjungmedar Kabupatén Sumedang. Wates wilayah wilayah Désa Sukatani nyaéta wétan diwatesan ku Désa Kertaharja Kacamatan Tanjungkerta, belah kulon ku Désa Désa Kertamukti Kacamatan Tanjungmedar, belah kalér Désa Kamal.

### 3.2.2 Sumber Data

Data dina ieu panalungtikan nyaéta pupujian anu aya di Désa Sukatani Kacamatan Tanjungmedar Kabupatén Sumedang. Data nu kapanggih aya 37 pupujian nyaéta: nu judulna Nadhom Maulid Nabi, Pépéling Diktul Maot, Pirang-pirang Pasejaan dina Nyiar Ilmu, Kautamaan Sholat Berjama'ah, Nadhoman Rundayan Nabi Muhammad Saw, Opat Warnaning Kufur ka Alloh Swt, Nadhoman Pépéling, Ciri Jalma Bakal Bagja, Pertélaan Tujuh Golongan Jalmi anu Kénging Iyuh-iyuhan Arasyana Alloh Swt, Sapuluh Rupa Ma'nana Cinta

Linda Hendriyanti, 2020

*PUPUJIAN DI DÉSA SUKATANI KACAMATAN TANJUNGMEDAR KABUPATÉN SUMEDANG PIKEUN BAHAN PANGAJARAN NGAREGEPKEUN DI SMP KELAS VII (ULIKAN STRUKTURAL DAN SOSIOLOGI SASTRA)*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

urang ka Alloh Swt, jeung Jeritan Hati Nurani Hamba nu Prihatin, Istajib ya Alloh Du'ana, Pasal Mertélakeun nu Ngabatalkeun Sholat, Pasal anu Ngawajibkeun kana Adus, Pasal Mertélakeun Paharaman ka Jalma boga Hadats Leutik Hadats Gedé, Pasal Mertélakeun Sarat Sah Sholat, Pasal Mertélakeun Hadats, Pasal Mertélakeun Aurot, Pasal Mertélakeun Sarat Wajib Sholat, Niat Ngaos, Nadhom Rukun Islam, Éling-éling Dulur Kabéh, Hirup di Dunya ukur Ngumbara, jeung Pasal Mertélakeun Haidh jeung Nifas, Pépéling, Tumut ka Ibu Rama, Adab Gugah dina Kulem, Daék digawé, Sholawat, Adab Kaluar ti Bumi, Du'a Bulan Rajab, Ngajak pikeun Éling, Sobar, Tujuan Milari Élmu, Resep ka Alloh, Resep ka Nabi, jeung Sholat Lima Waktu.

Sedengkeun anu dipilih pikeun dianalisis jumlahna aya 14 pupujian, nyaéta: 1) Nadoman Pépéling; 2) Kautamaan Sholat Berjama'ah; 3) Adab Kaluar ti Bumi; 4) Do'a Bulan Rajab; 5) Ngajak pikeun Éling; 6) Daék digawé; 7) Tujuan Milari Élmu; 8) Resep ka Alloh; 9) Pasal Mertélakeun Syarat Sah Sholat; 10) Pasal Mertélakeun Aurot; 11) Pasal anu Ngabatalkeun kana Sholat; 12) Pasal Mertélakeun Haidh jeung Nifas; 13) Pasal anu Ngawajibkeun kana Adus; jeung 14) Pasal Mertélakeun Paharaman ka Jalma boga Hadats Leutik Hadats Gedé dina ieu panalungtikan. Hasil tina 14 pupujian nu dianalisis mangrupa pupujian nu dianggap nyumponan jeung disaluyukeun pikeun bahan pangajaran ngaregepkeun di SMP kelas VII.

Ditilik tina sumber datana, ngumpulkeun data téh dibagi kana dua jenis nyaéta sumber data primér jeung sumber data sékundér. Sumber primér mangrupa sumber data anu sacara langsung dibikeun ka nu ngumpulkeun data atawa panalungtik. Sedengkeun sumber sékundér mangrupa sumber data anu sacara teu langsung dibikeun ka nu ngumpulkeun data, upamana ngaliwatan jalma séjén atawa dokumén (Satori, 2014, kc.103).

Cindekna yén sumber data nu aya di Désa Sukatani Kacamatan Tanjungmedar Kabupatén Sumedang, mangrupa foto, téks pupujian, sumber data tinulis, jrrd. Sumber data primér nu dilakukeun sacara langsung, panalungtikan dicangking ti sababaraha narasumber anu aya disababaraha Dusun nu aya di Désa Sukatani Kacamatan Tanjungmedar Kabupatén Sumedang.

Linda Hendriyanti, 2020

**PUPUJIAN DI DÉSA SUKATANI KACAMATAN TANJUNGMEDAR KABUPATÉN SUMEDANG PIKEUN BAHAN PANGAJARAN NGAREGEPKEUN DI SMP KELAS VII (ULIKAN STRUKTURAL DAN SOSIOLOGI SASTRA)**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Aya tilu narasumber dina ieu panalungtikan, di antarana disebutkeun dina ieu tabél di handap.

**Tabél 3. 1**  
**Data Narasumber**

No.	Narasumber	
1.	Wasta	Tarmédi
	Umur	32
	Pakasaban	Guru Ngaji
	Atikan	SMA
	Padumukan	Dusun Cicipung RT/RW 03/01, Désa Sukatani Kacamatan Tanjungmedar Kabupatén Sumedang
2.	Wasta	Asum Sulaiman
	Umur	48
	Pakasaban	Guru Ngaji
	Atikan	SMA
	Padumukan	Dusun Cikuda RT/RW 05/05, Désa Sukatani Kacamatan Tanjungmedar Kabupatén Sumedang
3.	Wasta	Yayang
	Umur	31
	Pakasaban	Guru Ngaji
	Atikan	SMA
	Padumukan	Dusun Pasirgawing RT/RW 01/06, Désa Sukatani

		Kacamatan Tanjungmedar Kabupatén Sumedang
--	--	---

### 3.3 Téhnik Ngumpulkeun data

Dina ieu hal, téhnik pikeun ngumpulkeun data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik studi pustaka, téhnik dokuméntasi, téhnik obsérvasi, jeung téhnik wawancara.

#### 3.3.1 Téhnik Studi Pustaka

Téhnik ulikan pustaka mangrupa téhnik anu digunakeun pikeun nyangking informasi anu aya patalina jeung pupujian, upamana tina buku, jurnal ilmiah, sumber arsip, dokumén pribadi, média masa, internét, jrrd.

Panalungtik ngalengkepan data jeung informasi anu ngarojong kana objék panalungtikan, upamana ngeunaan tiori pupujian Sawangan Yus Rusyana (1971). Salian ti éta, aya ogé tiori struktural Sawangan Waluyo (1987), tiori sosiologi sastra Sawangan Wellek & Warren (1989), sarta tiori-tiori séjén anu aya patalina jeung ieu panalungtikan.

#### 3.3.2 Téhnik Dokuméntasi

Téhnik dokuméntasi mangrupa salasihiji téhnik panalungtikan pikeun ngumpulkeun data ngaliwatan wangun dokuméntasi sacara tinulis ogé lisan. Dokumén mangrupa catetan kajadian anu geus kaliwat (Sugiyono, 2016, kc. 240). Dokumén nu wangunna gambar, misalna foto, gambar hirup, sketsa jrrd. Dokumén nu wangunna lisan, misalna rekaman gaya omongan/dialék suku bangsa nu tangtu.

Luyu jeung pamadegan di luhur, Arikunto (2006, kc. 231) nétélakeun téhnik dokuméntasi nyaéta néangan data ngeunaan hal-hal atawa variabel anu mangrupa catetan, buku, koran, majalah, prasasti, notulén rapat, légger, agénda, jrrd. Dina ieu panalungtikan, téhnik dokuméntasi anu digunakeun nyaéta catetan atawa buku ngeunaan pupujian nu kapanggih di Désa Sukatani Kacamatan Tanjungmedar Kabupatén Sumedang.

### 3.3.3 Téhnik Obsérvasi

Obsérvasi dilakukeun pikeun meunangkeun informasi sarta gambaran nyata ngeunaan kagiatan panalungtikan nu museur kana hiji objék nu ngagunakeun sakabéh alat indra (Suyatna, 2002, kc.20). Téhnik obsérvasi ngagunakeun alat bantu saperti kaméra, rékaman sora, video, jeung alat séjénna sangkan hasil panalungtikan bisa dibuktikeun kalayan objéktif.

Dina ieu panalungtikan, obsérvasi dilakukeun langsung ka lokasi anu dijadikeun sumber data dina panalungtikan nyaéta ka Désa Sukatani Kacamatan Tanjungmedar Kabupatén Sumedang.

**Tabél 3. 2**  
**Obsérvasi ka Lapangan**

No.	Waktu	Tempat Obsérvasi
1.	Juma'ah, 14 Febuari 2020	Pangajian barudak di Madrasah Al-Barokah
2.	Salasa, 18 Febuari 2020	Pangajian barudak DTA pasirgawing
3.	Juma'ah, 21 Febuari 2020	Kantor Désa Sukatani

### 3.3.4 Téhnik Wawancara

Wawancara nyaéta kagiatan paguneman antar narasumber jeung nu nanya pikeun meunangkeun informasi nu dicangking ngeunaan topik nu tangtu ngaliwatan tanya jawab.

Nurutkeun Esterberg (dina Sugiyono, 2012, kc. 223) wawancara kabagi kana tilu jenis nyaéta wawancara *terstruktur*, *semiterstruktur*, jeung teu *terstruktur*.

#### 1) Wawancara *Terstruktur*

Wawancara *terstruktur* digunakeun pikeun téhnik ngumpulkeun data, saupama panalungtik geus mikanyaho kana informasi nu bakal kapanggih. Ku kituna, panalungtik geus nataharkeun patalékan-patalékan sacara tinulis. Unggal narasumber ditanya ku patalékan nu sarua, tuluy panalungtik nyatet jawabanana.

Ku cara wawancara *terstruktur*, ngumpulkeun data bisa ti sababaraha narasumber sangkan ngeuyeuban data.

## 2) Wawancara teu *Terstruktur*

Wawancara teu terstruktur nyaéta wawancara nu sipatna bébas. Panalungtik teu ngagunakeun padoman wawancara, nu disusun sacara sistematis tur lengkep. Dina prak-prakna wawancara, panalungtik can mikanyaho kana data nu bakal kapanggih.

## 3) Wawancara *Semiterstruktur*

Wawancara *semiterstruktur* miboga udagan pikeun mikanyaho pasualan-pasualan sacara leuwih nembrak, nyaéta narasumber diwawancara nepikeun kamandang sarta ide-idenana. Dina prak-prakna wawancara, panalungtik kudu ngadéngékeun sacara leuwih taliti jeung nyatét hal-hal anu ditepikeun ku narasumber.

Téhnik wawancara nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta wawancara *semistruktural*. Aya sapuluh patalékan nu ditataharkeun sacara sistematis pikeun nanya ka narasumber, luyu jeung kontéks situasi jawaban ti narasumber ngeunaan pupujian di Désa Sukatani Kacamatan Tanjungmedar Kabupatén Sumedang. Dina ieu panalungtikan ngagunakeun wawancara sacara gurat badag wungkul, anu di jerona diwangun ku sababaraha wangun patalékan.

### **3.4 Instrumén Panalungtikan**

Nurutkeun Satori (2014, kc.90) instrumén panalungtikan kualitatif téh disebut ogé “*human instrument*” atawa jalma salaku informan dina néangan data jeung instrumén kahiji salaku nu ngumpulkeun data (instrumén). Dina ieu hal yén téhnik nu digunakeun pikeun kagiatan téh di antarana aya obsérvasi, partisipasi, studi dokumén, jeung wawancara.

Ku kituna, panalungtikan dilaksanakeun maké instrumén anu digunakeun pikeun néangan data nyaéta tabél format obsérvasi jeung wawancara ngeunaan pupujian di Désa Sukatani Kacamatan Tanjungmedar Kabupatén Sumedang. Format obsérvasi jeung wawancara dina ieu tabél di handap.

**Tabél 3. 3**  
**Format Obsérvasi**

No.	Waktu	Tempat	Kegiatan	Narasumber

**Tabél 3. 4**  
**Padika Wawancara**

<b>Wasta</b>	:
<b>Poé, tanggal</b>	:
<b>Patalékan</b>	
<ol style="list-style-type: none"> <li>1. Ti iraha pupujian di Désa Sukatani Kacamatan Tanjungmedar Kabupatén Sumedang mimiti diwanohkeun? Saha anu ngawitan ngawanohkeunana?</li> <li>2. Basa naon waé nu digunakeun dina pupujian?</li> <li>3. Kumaha kaayaan pupujian di Désa Sukatani Kacamatan Tanjungmedar Kabupatén Sumedang téh?</li> <li>4. Pupujian naon waé nu sok mindeng dinadomkeun?</li> <li>5. Iraha waktu nganadomkeun pupujian di Désa Sukatani Kacamatan Tanjungmedar Kabupatén Sumedang?</li> <li>6. Nganadomkeun pupujian dina raraga naon waé di Désa Sukatani Kacamatan Tanjungmedar Kabupatén Sumedang téh?</li> <li>7. Naon baé fungsi pupujian anu aya di Désa Sukatani Kacamatan Tanjungmedar Kabupatén Sumedang téh?</li> <li>8. Saha waé nu sok nganadomkeun pupujian téh?</li> <li>9. Kumaha lamun pupujian nu aya di Désa Sukatani Kacamatan Tanjungmedar Kabupatén Sumedang téh dijadikeun bahan pangajaran di sakola?</li> <li>10. Kumaha cara ngajarkeun pupujian ka barudak sakola?</li> </ol>	



### 3.5 Analisis Data

Nurutkeun Bogdan (dina Sugiyono, 2016, kc. 244) analisis data nyaéta prosés néangan sarta nyusun data sacara sistematis anu dicangking tina hasil wawancara, catetan lapangan, jeung bahan-bahan séjén nepi ka bisa dipikaharti, sarta éta pamanggih téh bisa diwawarkeun ka jalma séjén. Analisis data dilaksanakeun ngaliwatan organisasi data, nyusun pola, dipilih mana nu penting jeung nu bakal dipaluruh tur nyieun kacindekan.

Ieu panalungtikan ngagunakeun analisis kualitatif anu sifatna indukatif, nyaéta nganalisis data anu kapanggih ti lapangan, tuluy dipilih data-data nu bakal dijadikeun sampel panalungtikan. Prosés dilaksanakeun saacan ancrub ka lapangan jeung sanggeus di lapangan (Sugiyono, 2016, kc. 245). Léngkah-léngkahna dijéntrékeun saperti ieu di handap.

#### 1) Analisis Saméméh ka Lapangan

Analisis anu dilaksanakeun dumasar kana data sékundér anu digunakeun pikeun nangtukeun fokus panalungtikan. Ieu data sekunder sipatna masih *sementara* tur bakal dirobah saupama panalungtik anclub ka lapangan. Data sekunder anu aya dina ieu panalungtikan nyaéta pupujian nu aya di Désa Sukatani Kacamatan Tanjungmedar Kabupatén Sumedang.

#### 2) Analisis Data di Lapangan (*Model Miles and Hiberman*)

Analisis data dina panalungtikan kualitatif dilakukeun waktu ngumpulkeun data keur lumangsung, nu sabada réngsé ngumpulkeun data dina période nu tangtu. Waktu lumangsung wawancara, panalungtik bisa sabari nganalisis jawaban ti narasumber anu keur diwawancara.

Nurutkeun Miles jeung Huberman (dina Sugiyono, 2016, kc. 246) nétélakeun yén aktivitas dina nganalisis data kualitatif dilakukeun sacara interaktif nu lumangsung sacara ngaguluyur nepi ka réngsé. Aktivitas anu aya dina analisis data nyaéta réduksi data (*data reduction*), panyaji data (*data display*), jeung nyusun kacindekan (*conclusion drawing/verification*).

#### a) Réduksi data (*data reduction*)

Data anu dicangking ti lapangan téh kacida lobana. Ku kituna, perlu dicatet sacara taliti tur dilaksanakeun analisis data ngaliwatan réduksi data. Réduksi data hartina ngarangcum, milih hal-hal anu leuwih poko, tur museurkeun kana hal-hal leuwih jéntré tur gampang pikeun ditalungtik.

Prosés réduksi data dina ieu panalungtikan mangrupa milih-milih pupujian anu luyu kana pangajaran di tingkat SMP sarta luyu jeung kritéria panalungtikan.

b) Penyajian data (*data display*)

Sabada data diréduksi, léngkah satuluyna nyaéta penyajian data. Dina panalungtikan kualitatif, penyajian data bisa dilaksanakeun dina wangun bagan, patalina antara katégori, *flowchart*, jrrd. Dina panyajian data, mangka léngkah pikeun maham kana hal anu geus kaalaman tur ngarencanakeun gawé satuluyna leuwih gampang.

Léngkah panyajian dina ieu panalungtikan nyaéta analisis pupujian anu didadarkeun kalayan nyosok jero dumasar kana ulikan struktural jeung sosiologi sastra. Ulikan struktural anu ngawengku struktur lahir jeung struktur batin tina wangun pupujian. Sedengkeun sosiologi sastra ngawengku sosiologi pangarang, sosiologi karya sastra, jeung sosiologi nu macana.

c) Nyusun kacindekan (*conclusion drawing/verification*)

Kacindekan anu mimiti disusun sipatna masih can tangtu tur bisa dirobah waktu bukti-bukti nu kuat tur kapanggih ku panalungtik. Tapi gumantung kana kacindekan anu didadarkeun ti mimiti, dirojong ku bukti-bukti anu *valid* tur konsistén, jadi kacindekan anu didadarkeun téh mangrupa kacindekan anu *krédibel*.

Kacindekan dina panalungtikan kualitatif mangtupa pamanggih anyar anu can aya saméméhna. Timuan bisa mangrupa déskripsi atawa gambaran objék anu saméméhna can jéntré.

Dina ieu panalungtikan, kacindekan anu dicangking mangrupa hasil pamungkas tina panalungtikan anu geus dilaksanakeun ku jalan ngumpulkeun data tur nganalisis data anu kapanggih ti lapangan.